

TAK SAN KÈ



Lòsyè mo # 2

GWOUPE FLÈ AK PWEZI

Sou direksyon Jean Verdin JEUDI (TOLI)

16 Dawou 2016

[1]

“**Tak san Kè**” se plizyè moso mo divès otè ki nan gwoup Flè ak pwezi” chwazi kole ansanm pou eksprime yoparapò ak delabreman sou tout fòm ki ap sakaje peyi Ayiti.

Travay sa a enskri nan pwojè « lòsyè mo » gwoup la genyen, ki vize marande plim divès ekriven ansanm epi konstwi yon **gwo** mo sou yon tèm espesifik, malgre chak ekriven sa a yo gaye nan tout kwen nan peyi a.

N ap toujou souliye pou lektè yo, chak ti moso tèks se yon sengi-larite ki marande ansanm pou konstwi totalite zèv la.

Aprè “Zensèl Lanmou”, zèv sa a tradui ankò puisans men kontre genyen nan aboutisman yon lide.

Jean Verdin JEUDI

Mwen anvi w
Anvi w pete de je m
Pou m pa gade
Lanati kap chare
Gouyad ou...

R. Deewoy Desrosiers (Dee)

vil la se batanklan riyèl paka pote
pil fatra se lòlòj kap kalkile
pete lanwit
vil la bliye limyè l
Anba yon asyèt blan
Ak lwil maskreti san bòkò.

vil la kase koub
vil la talonnen lonbray li
vil la krache nan pise l
zonbi l aladriv.

Diamant Noir

Leta pòtre kadejakè
K ap bay la lwa dwèt.

Roberto HECTOR (Casanova)

Nou pale
Yo pale
Pale nap pale

Nou ale
Yo ale
Ale nou prale
Ayiti son peyi
K ap pale
Pou ale

Tilus Stevenson

Se pa mwen ki pou di w
ki pi gwo kadejakè
ki pase sou po trip Ayiti
Si w vle konnen
Al mande pou endyen yo

pa atann m ap vin di w
ki tretman yo bay nèg
K ap batay pou libète
Si w vle konnen
Al mande defen
Boukman ak Peral

Jean verdin JEUDI (Toli)

Pinèz pa pikan
Chita chita w
Pou koute
van lamizè
Ti malere se chen
Boujwa se respè

Mendiny JOSEPH (Larim)

Gad de selera
vil la pran
Nan fo mamit
Kapital la se ravinn
Pou chyen piyajè
Ak Kochon raboure

Sapphire MOISE

Yo di m vil yo chaje moun
Men souri w gen sèl mwen
Li se sèl vil kote
Rèv mwen ap flannen
Ak wòb lamarye

Snayder PIERRE-LOUIS (Snaypi)

Vroum!
Vroum!
Mouche Leta
Pa konn Blokis
Leta anlè
Leta atè
Sèl sovè w
Se ba l pase
Gwo nèg
Ka toujou Leta
Men bal mawon
Se polis kouche

Roberto HECTOR (Casanova)

Chen jape
Menm lapriyè midi
Solèy la cho
Kou yon vè lanp
Se kòm si nan peyi m
Mond lan rive nan bout li

Né d'hier

Pou Kastwo k ap selebre 90 rekòt kafe

Lèt bò zile
Gen yon gwo pye mapou
Kadans fèy li
Tranble 4 kwen latè
Nan pwèn twou
Pou Koulèv vin kouve
Sou dinyite mounite
Yon gout tafya pou Desalin
Yon gout pou kapwa
Boutèy rezistans lan
Pa janm sispann koule

Jean Verdin Jeudi

W ale
L ale
Y ale
N ale
Nou pòtre yon
Kolonn bèt san mèt
Patiraj nou kraze
Nou bliye rasin nou,

Ganaël ESPRIT-SAINT

Vini nou fè pla men cho
lalin bò isit
Gen zanpoud
Peyi m kwoke
Nan zak zotobre
Peyi m kanpe
Li leve, li gouye
Li mache, li ale.....

Né d'hier

Diyite n
Pèdi fren
Sou chimen
Lipokrizi

Diyite n
Pran pwomennen
San nanm
San vi
San lespwa
Jouktan pye l
Pati kite n

Roberto HECTOR (Casanova)

Kè m pa sote
Lè fènwa
kenbe lonbray mwen
Pito nou mare dizon nou
Pou n konn kote
N ap kontre

Tilus Stevenson

Towo pou towo
Lonbray nou
Gen pou mare
Pou yo konfonn
Yon jou kanmèm
Pou nou tout kriye ase

Mendiny JOSEPH (Larim)

Y ale
Ginen yo ap soufri
Simbi pèdi vwa l
Nan yon rèl
san bout

Ganaël ESPRIT-SAINT.

Nan fènwa nou manje
san kè sote
san lodyans.

Nan fènwa nou danse
san rit, san son
Nou kadanse
Jis pye n poudre
Nou menm bliye
Si nou te kontre
Ak lalin bò lanmè nan solèy.

Eland GUERRIER

Mwen vle promennen rèv nou
Anba tout
Lawouze
Pou yo taye banda jis
chalè solèy fè batba.

Kite m
konte listwa n
Anba tout kalbas gran chimen
Jis mèt kalfou bèbè

Eland GUERRIER

Tè Ayiti
Se tè ki rale founi
Tout montay
Gen lanbisyon karese syèl
Satiyèt bondye ak bèlte l
Se yon Tè ki kanpe dwèt
devan tout lòt

Tilus Stevenson

Gade non
Leta peyi n
Se chans pete zandolit
Sou tèt malere
Se yon mizik
San vwa
San pawòl
Van bwote al jete
Sou do lanmè

R. Deewoy Desrosiers

potoprens se yon vil
ki pòtre fanm
kap konte riyèl
soti depi gran ri
Al bout sou pwent tete
peyi sapat
Tout kadav antere
Nan kilòt
vil la angoudi nan bous

Diamant Noir

M ap mache
Ak yon patalon
Fouk chire
M pa bay lari
Pote anyen pou mwen
Leta li menm
Toutouni

Tilus Stevenson

Tè dayiti
Se tè mawon
Deyè chak grenn
Jèn
Leta limen
Yon lanp tèt anba
Pou n kite l vòlè
An pè

M pa anvi ale
Men si m ale m p ap tounen
M pa anvi pi leta
Ke leta

Tilus Stevenson

Ayiti cheri
Move lavi p ap
Fè m voye dlo deyè w
Nan tout kalfou
Map fè liminasyon
Pou Kwape move lawon
Move lang
Lang dyòl pagou
Lang move zè

Eland GUERRIER

Lis patisipan yo

- Diamant Noir
- Eland GUERRIER
- Ganaël Esprit-Saint
- Jean Verdin Jeudi
- Mendiny JOSEPH
- Né d'hier
- R. Deewoy Desrosiers
- Roberto HECTOR
- Saphire Moïse S
- Snayder PIERRE-LOUIS
- Tilus Stevenson